



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU OGMANTE AKSÈ NAN EDIKASYON SIPERYÈ

*Pwopozisyon diskou sou sityasyon eta a genyen ladan l plan pou enskri etidyan ki pèfòman yo otomatikman ki soti nan premye 10 pousan klas lekòl New York yo nan kanpis SUNY ak CUNY yo*

*Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon pou ede asire ke chak elèv lekòl segondè ranpli FAFSA a*

*Asire etidyan ki kalifye yo pwofite de benefis SNAP yo pou abòde pwoblèm ensekirite alimantè pami etidyan inivèsite yo*

*SUNY ak CUNY ap bay enfòmasyon sou Rejis Vòt la pou ranfòse pousantaj patisipasyon elektè etidyan nan inivèsite a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inisyativ pou ogmante aksè nan edikasyon siperyè nan kad diskou li a sou Sityasyon Eta a an 2024. Gouvènè Hochul ap lanse yon plan pou enskri enskripsyon dirèk elèv ki gen bon pèfòmans ki soti nan premye 10 pousan klas lekòl segondè New York yo nan kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) yo. Anplis, Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon ki egzije distri lekòl yo asire ke chak elèv lekòl segondè ranpli FAFSA a. Gouvènè Hochul te anonse tou yon plan pou SUNY ak CUNY asire ke tout etidyan ki kalifye pou SNAP yo okouran de benefis ki disponib yo pou abòde pwoblèm ensekirite alimantè a pami etidyan yo. Sou demann Gouvènè a, SUNY ak CUNY dwe bay enfòmasyon tou sou rejis vòt la ak kijan pou vote plizyè fwa, tankou nan pake rezidans ak sou pòtay etidyan yo, epi enfòmè elèv yo de dat limit enskripsyon elektoral yo pou ogmante patisipasyon pami etidyan inivèsite yo.

"Aksè nan bon jan kalite edikasyon siperyè gen potansyèl pou transfòme lavi jèn Nouyòkè yo epi chanje trajektwa lavi yon etidyan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè inisyativ odasye sa yo, n ap pran mezi ki enpòtan pou asire ke chak etidyan New York ka kontinye edikasyon yo, konstui karyè pwofesyonèl yo, epi pouswiv rèv yo."

**Rann Edikasyon Siperyè pi aksesib epi nan pri ki abòdab**

Pou asire ke elèv ki gen bon pèfòmans yo gen yon fwaye nan enstitisyon klas mondyal New York yo, Gouvènè Hochul ap lanse yon plan anbisye pou ofri elèv ki gen bon pèfòmans ki soti nan premye 10 pousan elèv lekòl segondè ki gradye yo, admisyon dirèk nan enstitisyon SUNY ak CUNY yo.

Nan ane k ap vini an, SUNY ap devlope yon pwogram admisyon dirèk ki ka deplwaye nan eta a epi ede plis elèv reyalize potansyèl yo. Menm jan, CUNY ap travay pou elaji pwogram admisyon dirèk li a ki egziste apou ranfòse misyon li pou ogmante opòtinite pou elèv tout kondisyon. Mezi sa yo ap ogmante egalite pou elèv yo epi kenbe sa ki pi briyan yo nan Eta New York ak enstitisyon edikasyon siperyè li yo alafwa, finalman kreye yon mendèv ki pi kalifye toujou nan eta a.

### **Ogmante aksè nan èd finansye**

Gouvènè Hochul ap pwopoze lejislasyon ki egzije distri lekòl yo asire ke chak elèv lekòl segondè ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan an (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA) oswa Aplikasyon pou Lwa Dream (Dream Act Application) Eta New York la. Elèv ki chwazi pa ranpli yon aplikasyon yo dwe siyen yon fòm renonsyasyon ki endike ke yo okouran de èd finansye ki disponib la, men yo chwazi pa chèche li.

FAFSA a se yon pati enpòtan nan pwosesis aplikasyon pou inivèsite ak eksperyans inivèsitè a, ki ogmante aksè nan èd finansye pou soutni depans edikatif apre lekòl segondè yo ki enkli ekolaj, frè, liv, chanm ak pansyon. Inisyativ sa ap asire ke chak elèv New York gen aksè nan opsyon ak opòtinite èd finansye konplè ki disponib yo pou sikse alavni.

### **Soutni etidyan ki nan ensekirite alimantè yo**

Sou demann Gouvènè a, SUNY ak CUNY ap ogmante sansibilizasyon pou Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) la sou kanpis yo pou tout etidyan ka pwofite konplètman de soutyen yo kalifye pou yo. Dapre yon sondaj nasyonal an 2019, 39 pousan etidyan ki nan inivèsite de zan yo ak 29 pousan etidyan inivèsite kat ane fè fas ak ensekirite alimantè. Pou abòde pwoblèm sa, SUNY ak CUNY te pran angajman pou sansibilize epi bay soutyen pou amelyore patisipasyon pami etidyan ki kalifye yo. Ogmante efò sa yo k ap ede diminye ensekirite alimantè epi ede asire ke chak etidyan gen resous ki nesèsè pou pouswiv yon edikasyon siperyè.

### **Asire ke etidyan inivèsite yo ka egzèse dwa vòt yo**

Pousantaj patisipasyon elektè etidyan inivèsite Eta New York la te bese pi ba an 2020 pase mwayèn nasyonal a 62.5 pousan. Pou ranfòse patisipasyon sivik sou kanpis inivèsite yo, Gouvènè Hochul ap koòdine ak SUNY ak CUNY pou asire ke lekòl yo mete enfòmasyon sou kijan pou vote ak kijan etidyan yo ka chanje adrès enskripsyon elektoral yo, tankou pa nan pake rezidans ak sou pòtay etidyan yo. SUNY ak CUNY ap enfòme etidyan yo tou de dat limit enskripsyon elektè yo pou ogmante patisipasyon elektè pami etidyan inivèsite yo. Anplis, Gouvènè a ap ankouraje tout lòt inivèsite nan

eta a pou patisipe nan mesaj pou ensite moun ale vote san patipri yo, ki ta ka konsantre sou divès baryè ki anpeche etidyan yo vote, tankou pwoblèm chanjman adrès.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418